

SOMERVILLE HOUSING AUTHORITY
30 MEMORIAL ROAD
SOMERVILLE, MA 02145
617-625-1152 - TDD 617-628-8889

**Pwojè d'Ouvèti Sit Baz Lis Datant Seksyon 8 nan
Somerville Housing Mystic Waterworks, yon Konplèks pou Lojman Granmoun**

Somerville Housing Authority (SHA) pwal mété aplikasyon disponib nan kòmansman 20 Septanm 2017 la – nan bi pou l kreyé yon sit de baz pou lis datant konplèks pou lojman granmoun yo nan 485 Mystic Valley Parkway nan West Somerville. Dévelopman sa a fè pati de Kanpus granmoun ki tap dévlopé pou plis pasé 10 ané, Bilding Istorik Waterworks la konsiste de 25 apatman ki genyen yon chanm a kouché pou moun ki ajé ak fanmi ki andikapé.

Lis sa a pwal louvri **20 Septanm 2017** épi lap **reté louvri jiska lòt notis**. Aplikan yo pwal seleksyoné apati de pwojè lis datant Waterworks la an fonksyon de dat aplikasyon an ak tout préfèrans li.

Waterworks se yon sit de baz konplèks Seksyon 8 ki san fimen, se yon pwojè ki bazé sou dévlopman ki lokalizé nan sit bilding Istorik Waterworks la ki te konstri an 1864. Chak apatman genyen yon kizin an plen, yon twalèt ki genyen yon douch ke w kapab maché épi ki konbiné ak sal a manjé/espas pou salon. Bilding nan pwal genyen yon zòn ki genyen yon aréya pou sal datant ak tout yon fasilite pou londri an komen.

Pou w elijib pou asistans pwojè vawchè a, tout révni aplikan dwé \$36,200 oswa mwens pou yon sèl moun ak \$41,400 oswa mwens pou dé moun nan yon kay.

Ou kapab jwenn aplikasyon an nan Mystic Activity Center/Tenant nan Départman Séleksyon, 530 Mystic Avenue and the SHA Administration building, 30 Memorial Road, Somerville nan dat oswa aprè 20 Septanm 2017 Lendi a Mèkrédi 8-4; Jédi 8-7 ak Vandrédi 8-12 oswa rélé 617-625-1152 pou w sa fè yo voyé yon aplikasyon ba ou.

Aplikasyon yo pwal disponib nan entènèt tou nan **www.sha-web.org**.